



Pou Piblikasyon Imedya: 30/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON PWOJÈ REZISTANS NAN OTORITE PÒTYÈ OSWEGO AK VIL IRONDEQUOIT NAN KONTE MONROE

Konstriksyon an kòmansman nan Waf Ekspwatasyon Lès 300,000 dola nan Otorite Pòtyè Oswego, ak de estasyon ponpaj dlo ize 150,000 dola nan Vil Irondequoit

Etap enpòtan yo te anonse piske premye ane Inisyativ sou Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè a ap rive nan fen li

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la pibliye [Gid Pwopriyete Kay pou Jesyon Litoral](#), li [disponib isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Waf Ekspwatasyon Lès (East Operating Dock) la nan Otorite Pòtyè Oswego ak de estasyon ponpaj dlo ize nan Vil Irondequoit nan Konte Monroe, anplis etap enpòtan [Inisyativ sou Rezistans ak Devlopman Ekonomik](#) la, ki te fini ak siksè premye ane li nan ede minisipalite, rezidan ak biznis yo nan litoral Lak Ontario a.

"Pwogram REDI a ilistre enpòtans patenarya ant gouvènman eta ak lokal la. Atravè dyalòg ouvri ak planifikasyon ki reflechi, n ap ede kominote sou litoral yo pou pa sèlman rekonstwi men pou rekonstwi pi byen ak pi djanm ke anvan", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pwojè sa yo pral pwoteje ekonomi yo, ranfòse sekirite piblik, pwoteje sante piblik ak konsève anviwònman kominote sou litoral yo ki afekte pou plizyè deseni alavni".

"Nou angaje nou pou investi nan pwojè yo pou ogmante rezistans ak anpeche inondasyon nan kominote nou yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Pwojè sa yo nan Otorite Pòtyè Oswego ak nan Vil Irondequoit pral rezoud domaj inondasyon ak move tan te lakòz epi pral ede rekonstwi pi byen ak pi djanm. Gen yon enfrastruktik amelyore enpòtan pou ede asire biznis ak rezidan nou yo san danje ak kontinye ranfòse ekonomi an pou avanse".

Pwojè Pòtyè Oswego a chèche rezoud domaj gwo dlo nan pwent nò Waf Ekspwatasyon Lès Otorite Pòtyè a lakòz, ki sitiye dirèkteman nan Lak Ontario epi ki gen gwo chans pou gen vag ak inondasyon. Pandan moman gen gwo dlo yo, wòch ki egziste ki sekirize mi yo pa te rive fann vag yo, sa ki lakòz te gen yon brèch ki fèt nan mi an ak yon degajman dirèk nan waf prensipal la. Pwojè yo nan Vil Irondequoit pral ede elimine risk pou gen inondasyon nan de estasyon ponpaj dlo ize nan vil la ki gen

risk, Estasyon Ponpaj Dlo Ize German Village, ki sèvi rezidans yo nan Point Pleasant Estates ak Bayfront North Lane, ak Estasyon Ponpaj Dlo Ize nan Sea Breeze ki sitiye nan Pak Atraksyon Sea Breeze (Sea Breeze Amusement Park).

Nan kad entèvansyon aktyèl Eta a pou inondasyon rekò ki te frape kominote litoral sou Lak Ontario ak Rivyè St. Laurence pandan prentan ak ete 2019 la, Gouvènè Cuomo te kreye komisyon REDI (Inisyativ sou Rezistans ak Developman Ekonomik) a, yon ekip milti-ajans ki te gen misyon pou etidye solisyon dirab pou ranfòse enfrastrikti ak diminye enpak inondasyon alavni pandan sa ap ranfòse ekonomi lokal rejyon yo. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola pou rekonstwi litoral la, ansanm ak amelyore rezistans nan rejyon ki ekspozè ak inondasyon yo nan tout lak la, 235 milyon dola ladan te repati bay pwojè lokal ak rejyonal yo pou fè avanse ak ilistre misyon REDI.

Depi kreyasyon REDI Gouvènè a nan prentan 2019 la, tout 133 pwojè REDI ki te jwenn pri yo ankou, sa gen ladan 113 pwojè ki nan faz konsepsyon, douz pwojè nan faz konstriksyon, ak uit pwojè ki fini nan premye ane li. Anplis de pwojè REDI yo, gen ven Pwojè Dragaj Rejyonal ki te idantifye; gen yon pwojè dragaj ki aktyèlman ankou, epi gen twa ki fini.

ETAP ENPÒTAN NAN NEW YORK SANTRAL:

- **Waf Eksplwatasyon Lès, Konte Oswego, Otorite Pòtyè Oswego, Faz Konstrikasyon, pri 300,000 dola:** Enstalasyon yon mi an tòn ki gen asye selilè pou brize aksyon vag gwo dlo yo nan zòn ki afekte a pou pwoteje pwent nò Waf Eksplwatasyon Lès la. Pwojè sa pral pwoteje tou entegrite waf la, sa k ap asire operasyon an kontinye ak kenbe piblik la an sekirite.
- **Otorite Pòtyè Marina, Konte Oswego, Otorite Pòtyè Oswego, Konstrikasyon Fini, pri 40,000 dola:** Nouvo waf ki enstale, oto-ajiste yo pral ranplase waf yo ki te nan yon wotè fiks yo.
- **Otorite Pòtyè West Pier, Konte Oswego, Otorite Pòtyè Oswego, Konstrikasyon Fini, pri 149,513 dola:** Mezi pou estabilizasyon litoral la nan West Pier kote gwo dlo ak ajitasyon eksefif vag te gen enpak negatif sou bèm lan.
- **Pwojè Rezistans North Sandy Pond, Konte Oswego, Vil Sandy Creek, Faz Konstrikasyon, pri 600,000 dola:** Restorasyon zile baryè sou litoral natirèl la (plaj ak din) ak estabilizasyon kanal la.
- **Mexico Point State Park, Konte Oswego, Konstrikasyon Fini, pri 480,000 dola:** Enstalasyon 435 pye lineyè (LF) estabilizasyon sou litoral avèk plasman 3,200 tòn wòch pou anpeche plis devastasyon litoral la.
- **Wrights Landing Marina, Konte Oswego, Vil Oswego, Faz Konstrikasyon, pri 6,100,000 dola:** Ogmante wotè estrikti marina a pou konpanse nivo dlo ki pi wo, ki gen ladan lansman bato, zòn paviyon, espas pakin ak wout aksè yo. Estrikti yo pral elve nan anviwon twa pye pou redui inondasyon alavni. Mezi rediksyon anplis yo gen ladan ajoute basen biyoretansyon yo pou enfiltre, estoke, ak filtre dlo lapli.

- **Antre North Sandy Pond, Konte Oswego, Dragaj Ankou:** Dragaj kanal navigasyon.
- **Fairhaven Beach State Park, Konte Cayuga, Konstriksyon Fini, pri 1,200,000 dola:** Modènizasyon yo nan zòn pakin yo gen ladan elve espas pakin lan nan anviwon de pye pou fè li pi rezistan ak gwo dlo, enstale yon pi bon sistèm drenaj, ranplasman yon liy sèvis dlo ki egziste ak refè zòn paking lan.
- **McIntyre Road, Konte Cayuga, Vil Sterling, Faz Konstriksyon, pri 1,500,000 dola:** Eliminasyon ponso ki egziste ak ranplase avèk yon pon ki amelyore rezistans pasaj la nan redui vitès kouran dlo yo pandan moman gen gwo dlo yo epi bay pwoteksyon pou ewozyon ki adekwa.

ETAP ENPÒTAN NAN FINGER LAKES:

- **Estasyon Ponpaj Dlo Ize Sea Breeze, Konte Monroe, Vil Irondequoit, Faz Konstriksyon, pri 150,000 dola:** Pwojè sa a chèche elimine inondasyon pandan moman gwo dlo yo nan WWPS (Estasyon Ponpaj Dlo Ize) Sea Breeze, ki sitiyè nan Pak Distraksyon Sea Breeze, nan ranplase ponpaj dlo ize sanitè aktyèl avèk yon ponp ki pi efikas k ap ogmante kapasite, efikasite ak rezistans.
- **Estasyon Ponpaj Dlo Ize German Village, Konte Monroe, Vil Irondequoit, Faz Konstriksyon, pri 150,000 dola:** Pwojè sa a vize anpeche inondasyon pandan evènman gwo dlo yo nan WWPS German Village nan ranplase ponp egou sanitè ki egziste yo ak yon ponp ki pi efikas pou ogmante kapasite, efikasite, ak rezistans sistèm lan, ansanm ak enstale yon jeneratè sekou pou ijans pèmanan pou bay operasyon kontinyèl pandan pàn kouran yo.
- **Irondequoit Bay State Marine Park, Konte Monroe, Vil Irondequoit, Faz Konstriksyon, pri 2,670,000 dola:** Elve lansman bato, waf ak espas pakin pou yo kapab kontinye fonskyone pandan moman ki gen gwo dlo. Anplis ke li ap elve espas pakin lan ak lansman bato a, pwojè a pral gen ladan waf pwovizwa anplis, yon teren jwèt, yon waf pou lapèch ki aksesib dapre Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap (American with Disabilities Act) yo, ak yon paviyon rekreyatif.
- **Egou Lapli Culver Road, Konte Monroe, Vil Irondequoit, Faz Konstriksyon, pri 500,000 dola:** Modifikasyon nan egou lapli ki egziste sou Culver Road, enstalasyon nouvo valv ak kreyasyon koneksyon pèmanan pou ponp dlo tanporè, jan sa nesesè.
- **Bèm Round Pond/Egemere Drive, Konte Monroe, Vil Greece, Konstriksyon Fini, pri 73,909 dola:** Ekstansyon ak modènizasyon nan bèm lan pwoteje mèt kay yo ak estasyon ponpaj Otorite Dlo Konte Monroe (Monroe County Water Authority, MCWA) ak Edgemere Drive kont inondasyon alavni.
- **Egou Braddock Road, Konte Monroe, Vil Greece, Faz Konstriksyon, pri 313,338 dola:** Amelyorasyon nan egou lapli yo ak elve Estasyon Ponpaj Sanitè Braddock Road la pou pwoteje li kont dlo inondasyon yo.

- **Sodus Point Beach, Konte Wayne, Vilaj Sodus Point, Faz Konstriksyon, pri 310,000 dola:** Restorasyon litoral natirèl (plaj ak din) plaj la.
- **Port Bay, Konte Wayne, Dragaj Fini:** Dragaj kanal navigasyon.
- **Blind Sodus Bay, Konte Wayne, Dragaj Fini:** Dragaj kanal navigasyon.
- **East Bay, Konte Wayne, Dragaj Fini:** Dragaj kanal navigasyon
- **Route 237 Right of Way, Konte Orleans, Konstriksyon Fini, pri 40,000 dola:** Enstalasyon yon sistèm revètman anwòchman ak tè pou diminye ewozyon sou litoral la ak pwoteje dwa pasaj la.

ETAP ENPÒTAN NAN NORTH COUNTRY:

- **Brown Shore Road, Konte Jefferson, Vilaj Sackets Harbor, Faz Konstriksyon, pri 782,000 dola:** Elve wout la jiska 18 pous ansanm ak enstale estabilizasyon sou rivaj la.

ETAP ENPÒTAN NAN REJYON LWÈS NEW YORK:

- **Lewiston Landing, Konte Niagara, Vilaj Lewiston, Konstriksyon Fini, pri 1,214,688 dola:** Mezi pou estabilize litoral la ansanm ak ranplase waf bato ki egziste yo avèk waf flotan ogmante rezistans bò dlo a nan pèmèt navigasyon rekreyatif pandan nivo dlo wo yo.
- **Sunset Island West Barrier Bar, Konte Niagara, Vil Wilson, Konstriksyon Fini, pri 200,066 dola:** Enstalasyon 135 pye lineyè (LF) pou estabilizasyon litoral la a pou pwoteje pò a ak redui potansyèl pou gen brèch alavni pandan gwo dlo.
- **Vil Wilson Water Today, Konte Niagara, Vil Wilson, Faz Konstriksyon, pri 1,009,934 dola:** Reyabilitasyon ansyen chato dlo nan vil la ki gen ladan reparasyon estriktirèl yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Lè ou gen yon pò ki dinamik ak bèl nan Vil Oswego sa enpòtan pou ekonomi Vil la, Konte Oswego ak New York Santral. Angajman Gouvènè a pou pwoteje kominote bò lak ak biznis sou tout Lak Ontario a san parèy epi Depatman Transpò a fyè pou patisipe ak patnè REDI nou yo nan gouvènman etatik ak lokal yo pou fè pati pa nou an pou amelyore rezistans sant enpòtan sa a pou komès".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Basil Seggos te deklare, "Yon bon tan apre dlo inondasyon yo fin retire kò yo, Gouvènè Cuomo rete angaje ak kominote sou bò dlo ke gwo dlo yo te afekte. Nan chak etap nan retablisman rejyon an, Gouvènè a te deplwaye ekspètiz teknik ak asistans ki nesèsè pou rekonstwi pi entèlijan ak pi djanm. Nan premye ane sa a, REDI ap etabli estanda pou pwogrè lè eta a ak gouvènman lokal yo travay men nan men. Jodi a make kòmansman konstriksyon pou ranfòse rezistans Otorite Pòtyè Waf Eksplwatasyon Oswego ki istorikman vilnerab epi de pwojè REDI yo nan vil Irondequoit, k ap modènize de estasyon ponpaj dlo ize vil la. Mwen fyè tou pou anonse ke jodi a DEC ap pibliye 'REDI

Eta New York: Konstwi Rezistans nan Retablisman', yon gid pou pwopriyete kay ak pwopriyete yo pou ranfòse pwoteksyon ak redui risk alavni lè gwo dlo frape".

Ko-Prezidan REDI ak Komisè Pwovizwa Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development (ESD) Ian, Eric Gertler, te deklare, "Nou fyè pou nou ede mennen inisyativ REDI milti-ajans sa a ki vize rekonstwi ak pwoteje kominote, kay ak biznis ke inondasyon andomaje sou litoral Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Nan fen yon ane REDI, pwojè ki ankou ak fini yo demontre ke New York solid plis pase apèn yon eslogan; Nouyòkè yo pratike sa chak jou nan eta a ki travay ansanm pou simonte obstak yo ak kreye kominote ki pi rezistan ak ekonomi alontèm".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York, RoAnn Destito, te di, "Etap enpòtan nan pwojè a Gouvènè Cuomo anonse jodi a se egzanp klè ki montre sa pwogram REDI a ap fè pou minisipalite, biznis, mèt pwopriyete ak touris yo nan rejyon an. Nan kolaborasyon ak lidè lokal yo, n ap repare domaj kominote bò dlo yo te soufri akòz inondasyon nan tan pase epi pwoteje litoral yo kont gwo dlo alavni".

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la te pibliye dènyèmman "[REDI Eta New York: Konstwi Rezistans nan Retablisman - Direktiv Pwogram Pwopriyete Kay pou Jesyon Litoral](#)" pou ede pwopriyete kay yo konstwi rezistans, redui risk domaj sou pwopriyete alavni ak minimize enpak sou resous natirèl yo. Direktiv jeneral sa yo pral ede asire pwoteksyon kont ewozyon yo anplas sou litoral Great Lake ak Rivyè St. Lawrence anvan pwojè sou konsepsyon ak devlopman kotyè yo kòmanse.

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Pò Oswego a enpòtan pa sèlman pou ekonomi Konte Oswego a, men tou pou tout ekonomi rejyon nou an. Atravè investisman enpòtan sa a, nou pral ede ranfòse pò a, ansanm ak asire Waf Eksplwatasyon Lès la rete itilizab ak pwoteje kont potansyèl gwo dlo pou plizyè ane alavni".

Senatè Rich Funke te deklare, "Mwen eksite wè pwojè enpòtan sa yo avanse nan Vil Irondequoit. Pwojè tankou sa yo pwoteje rezidan yo nan amelyore rezistans dlo ize yo ak diminye domaj ki ta ka genyen akòz inondasyon. Mwen remèsye Gouvènè a ak manm komisyon REDI yo pou patenarya yo nan bay finansman ki te rann sa posib".

William Barclay, Lidè Minorite Asanble a, te deklare, "Asire fòs ak rezistans Waf Eksplwatasyon Lès nan Oswego a enpòtan pou sekirite ak sante ekonomik youn nan eleman enfrastrikti ki pi enpòtan nan rejyon an. Pwojè sa a dirèkteman abòde pwoblèm operasyonèl ansyen yo, epi mezi rediksyon sa yo pral asire estrikti ak fondasyon yo rete estab pou itilizatè waf la, pandan sa ap evite move enpak anviwònmanal. Mwen kontan anpil pou wè dènye pwogrè li yo. Lè li fini, I ap ofri anpil avantaj nan rejyon an, ekonomi lokal la ak pou vizitè yo".

Sipèvizè Vil Irondequoit la David Seeley te deklare, "Irondequoit defini atravè pwoksimite li ak dlo, epi modènizasyon sa yo nan egou ak enfrastrikti dlo ize nou an pral pi byen sèvi biznis ak katye nou yo ki bò dlo. Lè evènman gwo dlo yo rive, nouvo

ponp sa yo pral pèmèt gen plis efikasite ak kapasite pou rediksyon inondasyon an, sa ki pral ogmante rezistans kominote nou an. Mwen rekonesan anè Gouvènè Cuomo ak Inisyativ pou Rezistans Lak Ontario ak Devlopman Ekonomik la pou sipò kontinyèl yo anè vil nou an ak tout fanmi ki rele Irondequoit lakay yo".

Direktè Otorite Pòtyè Oswego a, Bill Scriber, te deklare, "Pwojè Waf Eksplwatasyon Lès la piti nan anplè li men li gwo nan valè li pote. Travay k ap fèt la enpòtan pou operasyon kontinyèl Pò a, ak pou sekirite anplwaye nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisyon REDI a dèske yo rekonèt enpòtans reyabilitasyon sa yo ak pou patenarya presye a pandan pwojè nou yo ap pwogrese".

Prezidan Konsèy Otorite Pòtyè Oswego a, Amy Tressider, te deklare, "Fòmasyon Komisyon REDI a se yon atestasyon angajman Gouvènè a pou kominote yo ke inondasyon Lak Ontario a afekte. Mwen panse mwen pale pou tout konsèy la lè mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pou Pò a, ak pou rekonèt enpòtans travay ki fèt isit la nan Pò Oswego".

Pou jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)